# YËGLE BUÑU JAGLEEL LOKATEER BI:

Sudee da nga amatul xaalis wala njëg yi seer lool ndax mbasu COVID-19, wala nga jàpp ni soo toxoo yaw wala kenn ci sa njaboot mën na ci jëlee feebar bu metti wala nga faatu ci COVID-19 ndax jafe-jafe pàj mi fi nekk, te nga xaamtim te yónnee yëgley jafe-jafe bii ki lay luwee, mën nañu la baña mëna génne fileek gën gaa jege 15 Saŋwiye, 2022 ndax li nga fayul sa luwaas wala sa àpp jeex te génnoo. Sudee ki la luwe këram defla indil këyit ngir génne la, ba noppi nga jox ko formileer bii wala nga jox ko këru àttekaay bi, dañuy taxawandil dosiye génne bi ba 15 Saŋwiye, 2022 jot, fileek baroom kër gi demul ci yoon di weddi li nga wax ni danga nekk ci jafe-jafe. Su këru àttekaay bi amee firndé ni danga nekk ci jafe-jafe, dañuy ajandi génne bi ñu weesu 15 Saŋwiye, 2022. Diir bi ñu ajandee sab génne, mën nga wéy di nekkandi fi ñu la luwe. Du tere, mën nañu la génne sudee danga am mbir yu bari yoo yàq ci kër te nga tay ko, soo jalgatee sàrti yuñu tëraloon bi ngay luwe ngay jëfee ci anam bu jaarul yoon yu bari ci ab doxaliin bu bon lool ci ni ngay koy jëfandikoo wala ci yeneen lokateer wala dëkëndoo wala mu nekk ab daŋkaafu kaarànge bu jeggi dayo ngir ñeneen ñi.

Sudee borom kër gi daf la jox bile formileer, borom kër googu daf la wara jox itam ab dëkkuwaay ngi ngay yónnee say bataaxal ak ab imel bi ngay mëna yónnee formileer bii. Sudee borom kër gi dafa tambalee ab porosediiru dàq, mën nga delloo formileer bii borom kër gi, tirbinaal bi, wala ñoom ñaar ñépp sa su nekk. Da nga wara teye ab sotti wala ab nataalu formileer buñu xaatim ngir sa dosiyee bopp. Ba tey di nga amel borom kër gi bépp lokasiyoŋ buñu fayul woon. Da nga wara bayyi xel bu baax ci li nga fay ak bépp njëg bi nga amel ba tey.

Ngir am yeneeni leeral ci costéef yi nga mëna jot, demal ci www.nycourts.gov/evictions/nyc/ wala nga woote ci 718-557-1379 so dëkkee New York City wala nga dem ci www.nycourts.gov/evictions/outside-nyc/ wala nga woo benn mbootaayu awokaa bi la jege wala ñilay tektal ci mbiru yoon sudee dëkkoo New York City. Mën nga am ndimbalu xaalis li doonte mënoo ci woon am ca jamono ya weesu. Danga wara jokkook ak biro buy jàppale ci wàllum dëkkuwaay ci baram bi wala waa Office of Temporary and Disability Assistance (OTDA) ngir xam naka lañuy def ba am ci ndimbal li.

.

Index Number (if known/applicable): ______________________________

County and Court (if known/applicable): ______________________________

# TENANT'S DECLARATION OF HARDSHIP DURING THE COVID-19 PANDEMIC

Ab lokateer la, ki luwe ci yoon, wala beneen nit bu yore wàllum payooru lokasiyoŋ bi, ci wallum jëfandikoo barab bi, wala bépp xaalis buñu wara fay te teggu ci lokasiyoŋ wala kontara lokasiyoŋ ci (dëkkuwaayu barab bi nga nekk):

______________________________________________________________

**DA NGA WARA WONE FII CI SUUF LIKO WARAL NGIR ÑU AAR LA CI WALLUM DAQ SOO TANNEE TANNEEF "A" WALA "B", WALA ÑAAR YEPP.**

☐ A. Dama nekk ci ay jafe-jafe ci wàllum koppar loolu moo tax mënu ma fay sama lokasiyoŋ wala yeneen yi ci wàr ci kaadaru lokasiyoŋ bi yépp wala da ma am beneen dëkkuwaay bu gëna baax ndax benn wala ay mbir yu bari yimay waaja lim:

1. Ñakkum njuréef yu am solo ci jamonoy mbasu COVID-19;

2. Yokkutey depaas yu méngook liggéey yuñuy amal wala mu méngook lórange yi am ci sa wergu-yaram ci jamanoy mbasu COVID-19.

3. Wareef sardeŋ yi wala waréefi toppatoo ab mag bu bokk ci njaboot gi ci jamanoy mbasu COVID-19 dañoo am ay lórange ci niñuy def ngir kenn ku bokk ci njaboot gi am liggéey bu baax wala am mbaa yokk ay njuréef ci soxla yu bokkul ak yimay gennee ci sama poos.

4. Depaasi toxu ak jafe-jafe yi am ngir garanti beneen dëkkuwaay dafay tax mu jafe ngir ma mën a toxu ci beneen kër ci jamanoy mbasu COVID-19.

5. Yeneen mbir yu méngook mbasu COVID-19 dañoo indi ay lorange ci ni mënee woon am liggéey wala am ay bonofiis wala dafa waññi bu baax li sama njaboot daan am wala mu yokk bu baax samay depaas.

Ba nga xamantane dama ñakk li kër gi daan am wala sudee sama depaas dafa yokk, bépp ndimbal buñu jagleel askan wi, bokk na ci asiransu ñakk liggéey, asiraansu laago wala ay bisi noppalu yuñ la fay, yi ma jot bi mbasu tambalee ba tey mënul tax ba ma mëna jotaat ci li njaboot gi daan dundee wala yokkum depaas.

☐ B. Bayyi barab yi te toxu ci ab dëkkuwaay bu bees mën na indi ay lorànge ci sama wergu-yaram ndax mën wala kenn mbaa ñu bari ci sama njaboot dañoo am ay risk ngir jëlee ci feebar bu metti wala mu faatu ci COVID-19 ndax limu am lu ëpp juróom ben fukk ak juróomi at, dafa amee laago wala dafa am feebar bu làqu nekk ci moom, luy mën te yemul ci ñu muy waral mu ñàkk ay mbir yukoy xeexal ci biir.

Xam na ni dama wara dëppook sàrti yu yoon tëral yépp ci wàllum lokasiyoŋ, deggoo ci baay wala kontara bu ni mel. Xam na ni ay njëg yu yoon di laaj, ay daan wala ay njuréef ci lima fay lokasiyoŋ bi yépp wala yeneen koppar yi ci war niki sama lokateer bi laajee, deggoo ci baay wala kontara bu ni mel mën nañ ko ci fayyeeku ba tey te mën na waral ab até ci wàllum koppar ci man. Xam naa itam ni boroom kër gi mën na sàkku ñu dégglu nu ngir mu xool nga liñu wax ni danga nekk ci jafe-jafe lu wér la am déet, te dina mën téewe bépp àtte bu ñeel sama dosiye luwaas. Xam naa itam ni borom kër gi mën na xool numuy def ngir daq ma su 15 saŋwiye 2022 weesoo, te yoon mëen na joxe yenn kaarànge ci jamono ji nga xamantane dañ leen gennee ci yi fa nekk ci bile yëgle.

Siifé: ______________________________

Bind Tur: ______________________________

Bes biñ ko siifé: ______________________________

**KARMAT:** Yaa ngi bindu tey jébbal bile formileer te yoon meyu la ko.  Lii lumuy tekki mooy yoon meyu la nga wax ci formileer bii nga xamante ni jubul.